**दिन—रविवार** **दिनांक—31.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मू आइ पूर्व उपप्रधानमंत्री आ भारतीय जनता पार्टीक वरिष्ठ नेता लाल कृष्ण आडवाणी के देशक सर्वोच्च नागरिक सम्मान भारत रत्न सँ अलंकृत कयलनि। राष्ट्रपति वयोवृद्ध नेता श्री आडवाणी के आवास पर जाकऽ स्वयं हुनका सम्मान प्रदान कयलनि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे राष्ट्रपति कहलनि जे भारतीय राजनीतिक शिखरक व्यक्तित्व लाल कृष्ण आडवाणी दृढ़ समर्पण आ असाधारण कौशलक संग सात दशक सँ बेसी समय धरि देशक सेवा कयलनि। श्रीमती मुर्मू कहलनि जे देशक गृहमंत्री आ उपप्रधानमंत्रीक रूप मे ओ सदिखन राष्ट्रीय हित के सर्वोपरि रखलनि आ दलगत राजनीति सँ ऊपर उठि कऽ ओ पूरा देश के सम्मान दियौलनि। उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, पूर्व उपराष्ट्रपति एम. वेकैया नायडू, रक्षामंत्री राजनाथ सिंह, गृहमंत्री अमित शाह आ श्री अडवाणीक परिवारक सदस्य लोकनि एहि अवसर पर उपस्थित छलाह।

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति मैट्रिक परीक्षा वर्ष दू हजार चौबीसक परिणाम प्रकाशित कऽ देलक। एहि वर्ष करीब तेरासी प्रतिशत परीक्षार्थी सफल भेलाह। पूर्णियांक शिवांकर कुमार चारि सय नवासी अंकक संग राज्य भरि मे सर्वोच्च स्थान प्राप्त कयलनि। ओतहि समस्तीपुरक आदर्श कुमार दोसर स्थान पर जखनकि, तेसर स्थान पर मधुबनीक लदनियांक सुमन कुमार पूर्वे सहित चारि छात्र—छात्रा छथि। ओतहि, दरभंगाक शिवम कुमार चौधरी सातम स्थान पर छथि। समितिक अध्यक्ष आनंद किशोर आइ परिणाम जारी करैत कहलनि जे कुल बेरासी दशमलव नओ एक प्रतिशत छात्र सफल भेल छथि। चारि लाख बावन हजार सँ बेसी विद्यार्थी प्रथम श्रेणी सँ पास भेलाह। ओ जनौलनि जे तीन अप्रील सँ विशेष आ कंपार्टमेंटल परीक्षाक फॉर्म भरल जा सकत जखनकि, मई मास मे कंपार्टमेंटल विषयक परिणाम घोषित कऽ देल जायत।

---

दोसर दिस आनंद किशोर ईहो जनौलनि जे वर्ग नओ सँ बारहम धरिक नियोजित शिक्षकक लेल आयोजित सक्षमता परीक्षाक परिणाम दू अप्रील धरि घोषित कऽ देल जायत।

———————————————————————————

लोकसभा चुनावक पहिल चरण लेल गया, नवादा, औरंगाबाद आ जमुईक चारि सीट पर नामांकन पत्रक जांच पूरा कऽ लेल गेल। एहि चारू क्षेत्र सँ उनचालीस प्रत्यशीक पर्चा वैध पाओल गेल जखनकि, कुल बहत्तरि उम्मीदवार नामांकन पत्र भरने छलाह। तैतीस नामांकन रद्द भेल। पहिल चरणक चुनाव उन्नैस अप्रील के हेबाक अछि। दू अप्रील धरि इच्छुक प्रत्याशी अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि।

———————————————————————————

एम्हर, लोकसभा चुनावक दोसर चरण लेल नामांकनक काज जारी अछि। एहि चरण मे पांच संसदीय क्षेत्र किशनगंज, कटिहार, पूर्णिया, भागलपुर आ बांका मे छब्बीस अप्रील के मतदान होयत। एहि पांचों संसदीय सीट पर चारि अप्रील धरि नामांकन दाखिल कयल जा सकत।

———————————————————————————

बिहार कांग्रेसक पूर्व अध्यक्ष अनिल शर्मा पार्टीक प्राथमिक सदस्यता सँ त्याग पत्र दऽ देलनि। श्री शर्मा पटना मे संवाददाता लोकनि के जनौलनि जे हाल के दिन मे कांग्रेसक नेतृत्वक मनमाना रवैया सँ आहत भऽकऽ ओ पार्टी अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे के पत्र लिखि कऽ अपन निर्णयक जनतब दऽ देने छथि।

———————————————————————————

भोजपुर जिलाक शाहपुर थाना क्षेत्र अंतर्गत बेलौटी गाम मे एक भीषण सड़क दुर्घटना मे चारि श्रमिकक मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि, छओ आन श्रमिक गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह। पुलिस सूत्रक अनुसार बेस राति राष्ट्रीय राजमार्ग संख्या बाईस पर एक्कैस श्रमिक के लऽकऽ जा रहल पि–कप वैन के उनटि जयबा सँ ई दुर्घटना भेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि दुर्घटना पर शोक संवेदना प्रकट कयलनि अछि।

———————————————————————————

सहरसा जिलाक सदर थाना क्षेत्रक बनगांव रोड़ सँ एक दोकानक सोझा सँ पुलिस आइ तीन शातिर अपराधी के हथियार आ कारतूसक संग गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि

मधुबनी जिलाक बेवधा थाना क्षेत्रक इनरवा गोठ गाम सँ पुलिस एक व्यक्ति के घर सँ दू हथियार चौदह कारतूस आ अढ़ाई किलो सोना चांनी संग सात लाख सँ बेसी नगद राशि बरामद कऽ गृह मालिक के गिरफ्तार कऽ लेलक।

---

बावनम सीनियर मेन्स राष्ट्रीय हैन्डबॉल प्रतियोगिता आइ सँ बेगूसराय मे शुरू भऽ गेल। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे एहि प्रतियोगिता मे सत्ताईस राज्यक छओ सय सँ बेसी खेलाड़ी भाग लऽ रहल छथि। एम्हर, पटनाक पाटलिपुत्र खेल परिसर मे तैतीसम सब जुनियर राष्ट्रीय कबड्डी बालिका प्रतियोगिता सेहो शुरू भऽ गेल।

---

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश भाग मे तापमान मे वृद्धि भेला सँ गर्मी बढ़ि गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आ अगिला चारि दिन धरि अधिकतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस आओर वृद्धि हेबाक संभावना अछि। एकर प्रभाव सँ कतेको ठाम गर्म हवा चलि सकैत अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।